



Pou Piblikasyon Imedya: 15/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON LEJISLASYON POU FRENEN AKTIVITE TRAFIKAN BÈT DOMESTIK KI MALONÈT

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo siyen yon lejislasyon pou kontwole trafikan bèt domestik e frennen pratik ki malonèt nan endistri sa a. Pwojè lwa a (S.5599/A.7195) egzije pouabri bèt ki enkòpore, òganizasyon sekou, ak lòt antite non-komèsyal k ap transpòte oswa ofri bèt pou adopsyon nan Eta New York, anrejistre nan Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets), pou soumèt yo a tout règleman leta pou premye fwa.

“Pandan twò lontan, trafikan bèt domestik ki malonèt te evite bon sipèvizyon, e yo te mete sante bèt domestik yo an danje pou fè lajan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lejislasyon sa a chanje sityasyon an, e kreye yon fondasyon ki pèmèt kontwole òganizasyon ak konpayi sa yo, pou bay mèt bèt domestik yo lapè nan tèt.”

Lwa ki deja anplas otorize Depatman Agrikilti ak Mache pou li sipèvize e kontwoleabri bèt minisipal yo, epitou nenpòt ki antite ki siyen kontra pou l sèvi kòmabri. Lwa sa a pa konsène sosyete imèn. Sa pèmèt kèk biznis ki malonèt pran avantaj de egzansyon sa a pou vann bèt; yo kreye sosyete imèn pou evite règleman sere ki genyen nan zafè enpòtasyon, enspeksyon, ak dokimantasyon, pou machann bèt domestik nan New York. Mèt bèt sa yo chache vann bèt domestik pi vit posib e bèt sa yo viv nan kondisyon ki gen danje e ki sal, san yo pa jwenn ase manje oswa swen.

Lejislasyon sa a chanje sityasyon an; li egzije òganizasyon ki non-komèsyal pou yo konfòme yo avèk tout kondisyon ki genyen nan zafè dokiman ak vaksinasyon, nan kad enpòtasyon bèt domestik nan eta a pou lavant. Kounye a, moun ki ta renmen vin gen bèt domestik lakay yo pral okouran pi byen ki kalite bèt y ap adopte a. Etablisman sa yo ap resevwa plis sipèvizyon, e y ap gen pou konfòme yo.

**Senatè Phil Boyle te di,** “Gen anpil òganizasyon k ap fè bèl bagay; y ap fè yon travay enkwayab e enpòtan pou ede bèt. Men malerezman, gen kèk moun ki san koutcha, ki pran egzansyon sa a kòm eskiz pou yo pa règleman. Kantite machann bèt ki gen lisans nan New York bese pou plis pase 40 pousan nan senk ane ki sot pase yo, sa ki montre jan brèch sa a bay anpil pwoblèm. Nouvo lwa sa a pral egzije e asire yon senten nivo transparans, pou ankouraje konfyans piblik la k ap konnen bèt yo ap resevwa swen yo merite. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo ki siyen mezi sa a pou l tounen yon lwa, epi mwen ta renmen remèsye Sosyete Ameriken pou Prevansyon Kriyote anvè Bèt

(American Society for the Prevention of Cruelty to Animals, ASPCA), Federasyon Pwoteksyon Bèt Eta New York (New York State Animal Protection Federation), ak Sosyete Medsin Veterinè Eta New York (New York State Veterinary Medical Society) pou soutyen yo sou keksyon enpòtan sa a”.

**Manm Asanble Kenneth Zebrowski te di,** “Pifò gwoup sekou fè bon travay pou jwenn kay avi pou bèt ki malad. Malerezman, gen move moun ki jwenn fason pou yo pa respekte lalwa; yo pote bèt malad ki nan move kondisyon vin nan eta a. Antite sa yo di yo non-komèsyal pou evite kondisyon ki konsène moun k ap vann bèt. Sa fini: Kounye a, New York pral fèmen brèch sa a, kontwole antite sa yo, epi pi byen pwoteje bèt ki bezwen pwoteksyon. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou aksyon rapid li pran lè li siyen mezi enpòtan sa a pou l tounen yon lwa”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418